



Pou Piblikasyon Imedya: 02/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL KALIFIKASYON POU DEZYÈM DÒZ SIPLEMANTÈ POU COVID-19

Nouyòkè 50 an e plis ki te resevwa premye dòz siplemantè yo omwen kat mwa de sa yo kalifye; Adilt 18-49 an ki te resevwa vaksen Johnson & Johnson ak Nouyòkè 12 an oswa pi gran ki gen pwoblèm nan sistèm iminitè yo kalifye tou pou yon dòz siplemantè mRNA kat mwa apre premye dòz siplemantè a

Depatman Sante Eta a ak CDC a kontinye rekòmande dòz siplemantè inisyal la pou adilt ak adolesan ki kalifye yo

Pwograme randevou gratis pou dòz siplemantè ou nan nenpòt nan sit vaksinasyon an mas eta a dirije yo [isit la](#) oswa jwenn yon kote ki toupre ou [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kalifikasyon pou dezyèm dòz vaksen COVID-19 la. Dòz siplemantè yo gratis epi yo disponib nan tout eta a, ki enkli nan tout sit vaksinasyon an mas eta a dirije yo. Nouyòkè ki kalifye yo ka resevwa yon vaksen mRNA—swa vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech oswa Moderna—pou dezyèm dòz vaksen siplemantè yo a.

"Dezyèm dòz siplemantè yo disponib kounye a pou Nouyòkè ki kalifye nan tout eta a, ki enkli tout sit vaksinasyon an mas Eta a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Vaksin epi rete ajou ak tout dòz yo rekòmande yo se mwayen ki pi efikas pou prevni maladi grav ak ospitalizasyon, epi avanse nan tout sekirite nan pandemi sa."

Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a te pibliye nouvo enstriksyon klinik sou administrasyon dezyèm dòz siplemantè a pou tout founisè ki enskri yo nan pwogram vaksinasyon Eta New York la. Enstriksyon an swiv apwobasyon Administrasyon Medikaman Federal la (Department of Health, FDA) pou Otorizasyon Itilizasyon Ijans pou yon dezyèm dòz ak rekòmandasyon ajou ki soti nan Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi a (Center for Disease Control and Prevention, CDC) pou otorize adilt 50 an ak sa ki pi aje yo resevwa yon dezyèm dòz siplemantè pou yon vakse mRNA omwen kat mwa apre premye dòz siplemantè yo a. Anplis, adilt ki gen laj 18 - 49 an ki te resevwa vaksen Johnson & Johnson kòm vaksen prensipal yo ak premye dòz siplemantè a ka resevwa kounye a yon dezyèm dòz siplemantè kat mwa apre

premye dòz siplemantè a. Nouyòkè ki gen 12 an ak sa ki pi gran yo ki gen pwoblèm modere oswa grav nan sistèm iminitè yo kalifye tou pou dezyèm dòz siplemantè a.

Komisè Sante Eta a, Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Founisè nan tout eta a, ki enkli sit vaksinasyon an mas eta yo, pare pou administre dezyèm dòz siplemantè yo pou Nouyòkè ki kalifye yo. Pou chak nan nou, vaksinasyon rete pi bon liy defans pèsonèl nou kont COVID la. Jan nou te wè nan ogmantasyon resan Omicron, sou-varyan BA.2 a, COVID la toujou avèk nou. Vaksen ki san danje epi efikas sa yo rete gratis, ki enkli dezyèm dòz la."

Depatman Sante Eta New York la kontinye pataje rekòmandasyon CDC yo ke tout adilt, adolesan ak timoun senk an ak sa ki pi gran ki kalifye pou vaksinen konplètman epi resevwa yon dòz siplemantè COVID-19 inisyal lè yo kalifye. Pou Nouyòkè ki kalifye yo, yon premye dòz siplemantè san danje epi kontinye bay pwoteksyon ki solid kont rezilta ki grav. Dapre done [CDC](#) yo ki soti nan vag Omicron resan yo sila yo ki te pran dòz siplemantè yo te gen 21 fwa mwens chans pou mouri akòz COVID-19 la pa rapò ak sila yo ki te vaksinen, epi gen 7 fwa mwens chans pou ospitalize. Dapre rekòmandasyon CDC yo, enstriksyon ajou Eta a rekonèt risk maladi grav ki ogmante pou kèk popilasyon, ki mete yon dezyèm dòz mRNA disponib pou moun ki ka chwazi ogmante pwoteksyon yo pi plis.

[Sit dòz rapèl ak dòz siplemantè](#) eta yo genyen enfòmasyon pou Nouyòkè yo sou premye ak dezyèm dòz rapèl yo, dòz siplemantè, kalifikasyon, kesyon yo poze souvan, ak resous pou founisè sou teren yo. Eta a ap kontinye sansibilizasyon pou Nouyòkè ki kalifye pou dòz siplemantè a, atravè mesaj pa SMS, efò maketing tradisyonèl ak dijital, ak notifikasyon push atravè platfòm Pass Excelsior Eta a.

Tout sit vaksinasyon an mas Eta New York yo ap administre dezyèm dòz siplemantè a pou Nouyòkè ki kalifye yo. Pou pran yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas Eta a jere, Nouyòkè yo ka vizite [paj Èske M Elijib \(Am I Eligible\) la](#) oswa rele 1-833-NYS-4-VAX. Moun yo ka kontakte departman famasi yo, departman sante konte lokal yo, oswa founisè swen sante yo pou fikse randevou kote vaksen yo disponib. Nouyòkè yo kapab vizite tou [vaccines.gov](#), voye kòd postal yo atravè mesaj tèks bay 438829 oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn sit ki toupre yo. Nouyòkè yo ta dwe asire yo ke founisè ki tou pre yo ap administre dezyèm dòz siplemantè yo lè y ap pran randevou yo.

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)